

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran panalungtikan dina bab IV baris dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis téks carita pondok siswa kelas VIII A (fase D) SMPN 19 Bandung, saméméh ngagunakeun modél TGT kagolong “kurang” kalawan rata-rata 54,3. Katitén tina hasil *pretest* anu ngawengku kasaluyuan téma jeung eusi hasilna (15,7); aspék organisasi eusi hasilna (12,5); aspék diksi hasilna (11,7); aspék makéna basa hasilna (12,3); aspék éjahan hasilna (2,3). Tina 30 siswa aya 23 siswa atawa 77% nu nilaina kurang, sarta 7 siswa atawa 23% anu nilaina cukup. Anapon nilai pangluhurna nyaéta 68 jeung panghandapna 40.

Kamampuh nulis téks carita pondok siswa kelas VIII A (fase D) SMPN 19 Bandung sanggeus ngagunakeun modél TGT kagolong “hadé” kalawan rata-rata 80,9. Katitén tina hasil *posttest* anu ngawengku kasaluyuan téma jeung eusi hasilna (24); aspék organisasi eusi hasilna (16,6); aspék diksi hasilna (16,2); aspék makéna basa hasilna (20,7); aspék éjahan hasilna (3,3). Tina 30 siswa aya 27 siswa atawa 90% nu nilaina hadé, sarta 3 siswa atawa 10% anu nilaina cukup. Anapon nilai pangluhurna nyaéta 92 jeung panghandapna 70.

Aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* kamampuh nulis téks carita pondok siswa kelas VIII A (fase D) SMPN 19 Bandung, saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Teams Games Tournaments* (TGT). Ieu hal kapaluruh tina hasil *pretest* jeung *posttest* aya bédana. Dumasar kana hasil *pretest* kamampuh nulis téks carita pondok téh kagolong “kurang” kalawan rata-rata 54,3 sedengkeun hasil *posttest* kamampuh nulis téks carita pondok téh kagolong “hadé” kalawan rata-rata 80,9. Lamun nilik kana hasil uji *parametric t-test* katitén yén hasil sig. (2-tailed) nuduhkeun  $0,000 \leq 0,05$  ku kituna  $H_1$  ditarima sedengkeun  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks carita pondok siswa fase D SMPN 19 Bandung Taun Ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Teams Games Tournaments*. Jadi modél *Teams Games Tournaments* (TGT) éféktif dina pangajaran nulis téks carita pondok siswa fase D SMPN 19 Bandung.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, modél *Teams Games Tournaments* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakan ieu modél bisa numuwuhkeun sikep kréatif dina ngamekarkeun ideu jeung gagasan, dina prosés diajar bisa ngirut siswa pikeun aktif sarta ngaronjatkeun gawé bareng anu hadé antar siswa utamana dina komunikasi jeung babaturan sakelompok nalika ngungkulan hiji pasualan. Salian ti éta ieu modél ngaronjatkeun sikep toléransi nalika béda pamadegan jeung siswa lian.

## 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar, saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Teams Games Tournaments* (TGT) bisa dijadikeun alternatif pikeun pangajaran Basa Sunda di sakola, hususna dina matéri nulis carita pondok kelas VIII (fase D) SMP. Ku sabab dina hasil panalungtikan, katitén yén modél *Teams Games Tournaments* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks carita pondok.
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan modél *Teams Games Tournaments* ngagunakeun métode kuasi éskprérimén, ku kituna kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan modél *Teams Games Tournaments* nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni atawa dikolaborasikeun ngagunakeun média pangajaran.